**दिन—शनिवार** **दिनांक—07.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रदेशक पूर्वी चंपारण जिलाक बंजरिया सँ नकली मुद्रा बरामद भेल अछि। ई मामिला मे राष्ट्रीय जांच एजेंसी—एन.आई.ए. नकली भारतीय करेंसी नोटक जब्तीक बिच हैदराबादक मोहम्मद फसी उद्दीनक खिलाफ आरोप—पत्र दायर कयलक अछि। मोहम्मद फसी उद्दीन वर्ष दू हजार चौबीसक एहि मामिला मे आरोपित छथि। आरोप अछि जे ओ क्रिप्टों करेंसीक द्वारा पाकिस्तानी नागरिक के भोगतान कयने छलाह।

———————————————————

पूर्णियांक सांसद राजेश रंजन उर्फ पप्पू यादव के पटना पुलिस करीब तीस साल पुरान एक मामिला मे गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। पुलिस अधीक्षक भानू प्रताप सिंह जनौलनि जे हुनक गिरफ्तार एम.पी.एन.एल.ए. कोर्टक आदेश पर कयल गेल अछि। कोर्टक समनक बादो उपस्थित नहिं होयबाक कारण हुनक खिलाफ वारंट जारी कयल गेल छल।

———————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख आओर राज्यसभा सांसद उपेन्द्र कुशवाहा जनौलनि जे सामाजिक न्यायक अग्रदूत रामफल मंडलक नाम पर भारत सरकारक डाक विभाग स्मारक डाक टिकट जारी करबाक निर्णय लेलक अछि। आइ पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे डाक विभागक ई निर्णय राज्यक वंचित समाजक स्वतंत्रता सेनानी सभ के सम्मानित करबाक लेल एक पैघ डेग अछि।

———————————————————

केन्द्रीय संसदीय कार्य आओर उल्पसंख्यक कल्याण मंत्री किरेन रिजिजू आम बजट के जन कल्याण, आत्मनिर्भर व्यवस्था आओर समावेशी विकास के मजगूत करयबला जनौलनि अछि। विकसित भारत बजट— दू हजार छब्बीस—सत्ताईस विषय पर आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस

के संबोधित करैत पटना मे श्री रिजिजू आम बजट के गरीब, किसान आओर युवा सभक हित मे जनौलनि। ओ जनौलनि जे ई केन्द्रीय आम बजट विशेष कऽ बिहारक विकास के नव दिशा देत।

———————————————————————————

प्रदेश मे पछिया हवाक असरि सँ न्यूनतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कम भेल अछि। एहि सँ भोर आ सांझ काल ठंढ़ा लगैत अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच नओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग सीवानक जीरादेई राज्यक सभ  सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू दिन धरि न्यूनतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहिं होयत।

———————————————————————————

बीसीसीआई अंडर–उन्नैस पुरूष क्रिकेट विश्वकप विजेता टीम, तकनीकी  स्टाफ आओर चयन समिति लेल साढ़े सात करोड़ टाकाक पुरस्कारक घोषणा कयलक अछि। भारत काल्हि जिमबावेक हरारे मे फाइनल मे इंग्लैंड के सय रन सँ हराकऽ छठम बेर खिताब जीतलक अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे एक हजार दू सय चौबीस नवनियुक्त विशेषज्ञ आओर सामान्य चिकित्सा पदाधिकारी सभ के नियुक्ति–पत्र प्रदान कयलनि। पटनाक ऊर्जा ऑडिटोरियम मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री जनौलनि जे राज्य सरकार चिकित्साक क्षेत्र मे सदिखन काज कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे नवनियुक्त चिकित्सक सभ पूरा निष्ठा आओर समर्पणक संग काज करैथि, जाहि सँ राज्यवासी सभ के बढ़िया स्वास्थ्य सुविधाक लाभ भेट सकय। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी आओर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सेहो छलाह।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा आइ एक सय पाँचम स्थापना दिवकस मौका पर विधानसभा मे विशेष समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि मौका पर लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला व्याख्यानमाला के संबोधित करैत जनौलनि जे बिहारक भूमि लोकतंत्रक जननी रहल अछि। राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश जनौलनि जे बिहारक भूमि सदिखन सँ लोकतांत्रिक प्रणालीक समर्थक रहल अछि। एम्हर, संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू लोकतांत्रिक मूल्य, संसदीय परंपरा आओर विधानमंडलक गरिमा पर जनौलनि जे लोकतंत्र के मजगूत बनेबा मे विधायिकाक अहम भूमिका अछि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार व्यख्यानमाला के संबोधित करैत जनौलनि जे आजुक व्याख्यानमालाक उद्देश्य संसदीय लोकतंत्रक चुनौती पर चर्चा करब आओर भविष्य मे एहि के बेसी मजगूत बनायब अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा, संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आओर विपक्षक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो समारोह के संबोधित कयलनि।

———————————————————————————

खाद्य आओर उपभोक्ता संरक्षण विभाग जन वितरण प्रणालीक राशन कार्डधारी सभक ई–के.वाई.सी अट्‌ठाईस फरवरी धरि करेबाक जनौलनि अछि। एहि लेल जन वितरण प्रणालीक दोकान पर निःशुल्क बायोमेट्रिक सत्यापन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

गन्ना उद्योग मंत्री संजय कुमार जनौलनि अछि जे राज्य मे बढिया गुड़ उत्पादनक लेल गन्ना अनुसंधान केन्द्र पूसा के सेंटर ऑफ एक्सिलेंसक रूप मे विकसित कयल जायत। एहि लेल पाँच करोड़ उनहत्तरि लाख पैंसठि हजार टाकाक स्वीकृति देल गेल अछि। ओ जनौलनि जे गुड़ उत्पादन मे बिहार मे देशक अग्रणी राज्यक श्रेणी मे लयबाक लेल काज कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल